

**PANGAJARAN NGIDENTIPIKASI INFORMASI TINA TÉKS EXPLANASI
ANU DIBACA NGAGUNAKEUN MÉTODE MAKE A MATCH DI KELAS
VIII SMP PASUNDAN 1 BANDUNG TAHUN AJARAN 2018/2019**

ku
RISNA RESTU AMILA
145030093 NPM

RINGKESAN

Ieu panalungtikan téh boga alesan sabab kurangna minat baca siswa. Nu nyusun museurkeun metode pangajaran make a match dina pangajaran ngidentifikasi informasi tina téks explanasi anu dibaca. Metoda ieu ngadorong siswa supaya gawé bareng dina nyeleseaikeun tugas. Nu nyusun ngajukeun sababaraha rumusan masalah, nyaéta: 1) Dupi panalungtik sanggup ngrencanakeun, ngalaksanakeun jeung nganilai pangajaran ngidentifikasi informasi tina téks explanasi anu dibaca ngagunakeun métode make a match di kelas VIII SMP Pasundan 1 Bandung? 2) Dupi peserta didik sanggup ngidentifikasi téks explanasi kalayan informasi anu tepat? 3) Dupi métode make a match tepat digunakeun dina pangajaran ngidentifikasi informasi téks eksplanasi? Hasil ieu panalungtikan nyaéta: 1) Panalungtik bisa rencanana, nerapkeun sarta nganilai pangajaran ngidentifikasi informasi tina teks eksplanasi anu dibaca ngagunakeun metode make a match di kelas VIII SMP Pasundan 1 Bandung. 2) Siswa sanggup ngidentifikasi informasi tina teks explanasi anu dibaca ku ngagunakeun métode kalayan bener. 3) Metode make a match éféktif dipaké dina pangajaran pikeun ngidentifikasi informasi téks explanasi dina VIII-E salaku kelas eksperimen SMP Pasundan 1 Bandung. Ieu dibuktikeun tina bédana dina nilai rata-rata kelas ékspérimén leuwih luhur batan kelas kontrol, nyaéta kelas ékspérimén 80,30 sedengkeun kelas kontrol 71,90. Dumasar hasil tést statistik dina kelas eksperimen $t_{hitung} > t_{tabel}$, nyaéta $18,47 > d.b$ 2.093 ku nilai 19 sarta tingkat kapercayaan 95%. Hasil uji statistik kelas kontrol nyaéta $t_{hitung} > t_{tabel}$, nyaéta $10,59 > 2.093$ ku nilai d.b 19 sarta tingkat kapercayaan 95%. Dumasar hasil ieu t_{hitung} kelas ékspérimén leuwih gede ti t_{hitung} kelas kontrol. t_{hitung} kelas ékspérimén nyaéta 18,47, bari t_{hitung} kelas kontrol nya 10,59. Nu artina nilai t_{hitung} tina eksperimen $> t_{hitung}$ kelas kontrol. Dumasar ieu, métode pangajaran make a match efektif digunakeun dina pangajaran ngidentifikasi informasi téks eksplanasi.

Kecap Konci: pangajaran, identifikasi, teks eksplanasi, métode make a match.